## 21. ROESDI NGANDJANG.

Basa Roesdi gering kadoewa kaline, teu sabaraha pajahna lamoen dibandingkeun djeung basa gering mimiti téja mah.

Ajeuna kabeneran aja piwoeloengna Mas Loerah, Roesdi dibéré oebar mandjoer, paparin djoeragan Dokter basa ngaroenda harita; èta oebar ngaranna pèl kinina. Koe lantaran èta oebar, Roesdi teu lila geringna. Sanggeus djagdjag pisan, djeung Roesdi koe kolotna dibawa ngandjang ka Loerah.

Barang djol, Loerahna harioeh mapagkeun, omongna: Tah geuning, 'Djang Oedi geus tjageur; djagdjag pisan, 'Djang?"

„Berkah pangèsto mamang, noen," tèmbal Roesdi.

'Pa Roesdi gèk dariöok djeung Loerah, di tepas hareup, ari 'Ma Roesdi di toekang djeung Nji Loerah.

'Pa Roesdi djeung priboemi ngawarandeel bari ngaropi.

„Koemaha 'kang, parantos tjageur pisan poetra tèh?" omong Loerah ka 'Pa Roesdi.

„Ari katingalna koe akang mah, parantos tjageur, awakna parantos sèhat, dadaharanana beuki saperton bijasa," tèmbal 'Pa Roesdi.

Djol Roesdi njampeurkeun, gèk djoeok toekangeun pamanna.

„Oedjang geus tjageur pisan? Tjik ka dijeu, mamang njabak," tjeuk Loerah tèh.

Harèmpoj Roesdi tèh njampeurkeun, gèk djoeok gigireun Loerah. Koe Loerah leungeunna djeung sirahna dirampaan.

„Hih, geuning tjageur pisan ajeuna mah. Geus sakola deui, Oedjang?" tjeuk Loerah tèh.

„Soemoehoen teu atjan koelan, leleuleus kènèh, noen," tèmbal Roesdi.

„Oelah waka sakola atoeh, ari karasa tatjan pageuh pisan mah, bisi karoegrag," omong Loerah tèh.

„Soemoehoen, 'mang. Era ogè kaisesaan baè dipaparin landong noe pait tèja koe emang. Oepami teu koe landong noe pait tèja koe emang, da koe poen bapa dong èta meh manawi tatjan tjageur, da koe poen bapa mah salamina samoeng dilandongan koe landong kampoeng baè, noen," tembal Roesdi.



Bapa Raesdi imoet ngagelendjoel ngadèngè omongan anakna kitoe tèh.

„Lah, loetjoe si Oedjang, bet geus bisa njarita," omong Loerah tèh.

„Da èstoe kitoe, 'kang, sajaktosna oelah pertjanten teuing kana landong kampoeng mah, réh moenggoeh oerang mah ngalandonganana téh ngan soegan sarong soegna baè, benten pisan teu kinten saperti Doktor. Hidji² kasawat, saoer djoeragan doktor, pada aja landong-na, noe moerijang bijasana dibèrèan pèl kina. Kasawat naon baè aja landonganana tangtos. Moeng-

pueh oerang kampoeng namoeng koerang sareng soegan baè kasaeusaeuranana mah. Koe margi èta ajeuna sareng kedah siger tengah nak perdjanten ka landong kampoeng tèh."

„Soemoehoen 'ěi, ti ajeuna ka pajoen mah akang ogè hanhkoeng pertjanten kana landong Doktor, da boektina si Oedjang ogè waras koe landong èta," tjeuk 'Pa Roesdi.

Sèmah djeung pribumi gar-gar baè ngawarangkong masinikeun perkara oebar-oebaran nepi ka boerit pisan.

Kira² wantji asar, ėjėi amboe Roesdi njampeurkeun ka lepas hareup, sarta teu lila pok bapa Roesdi amitan ka pribumi, toeloej maroelang.

---

## 22. ORAJ

Oenggal powè indoeng Roesdi tjèktjok, leungiteun anak hajam. Saban diparoeban, hajam noe laleutik dibilang, boeki saeutik baè, malah hidji mangsa mah leungiteunana genep anoe keur koemeupeus. Hantem dikoer-koer, dipapaj ka tatanggana, weleh teu kapanggih.

Si Roesdi djeung si Misnem ningtarempo ka kolong imahna. Di djeroen kolong, di noe rada poèèk, aja noe tjijak-tjijak. Koe Roesdi djeung koe Misnem disampeurkeun. Barang geus deukeut ka noe tjitjijakan tèja, djerit baè doewa boedak tèh ngagero bari lalumpatan ka indoengna. Koe indoengna diboeroe bari ditanja: „Aja naon, aja naon?"

Roesdi djeung Misnem tjatjarita ka indoengna, pokna: „Euleuh, ema, mèh baè koering ditjaploek oraj. Toeh, di kolong djoeroe beulah kalèr, aja noe tjijak-tjijakan. Barang koe koering disampeurkeun, ari gok tèh oraj

santja noe bareto, hiroep deui, keur ngentengeungan, neareuj anak hajam."

„Mana, Oedjang?" tembal 'Ma Roesdi. „Sijik soesoeh-keun ka ema."

Koe indoeng Roesdi dirempo lebah-lebahna. Barang bèh sidik oraj gedé pisan, alangang-eulengeung, keur neareuj anak hajam. Indoeng Roesdi loempat bèbèdja ka salakina, jèn bangsat hajam tèa ngaringkoek di kolong. 'Pa Roesdi ngampeurkeun bari mawa pasenggeul. Ba-



toerna noe sedjèn ngabantoean, pada mawa gegendir. Orajna koe bapa Roesdi digebak-gebak ti kolong, tapi teu daèkeun bidjil, ngan loewar-lèjor baè. Koe bawaning hantem pada ngagebah pada nènggoran, boréngkal, lèjor-lèjor ti kolong imah ka loewar. Pada ngepoeng, pada malédog, nepi ka tjapèeunana ngaringkoek di noe bala. Noe nalènggoran teu eureun-eureun, orajna ngaléjor deui ka noe tjaang, hahek pada narenggeulan, nepi ka boeboek.

„Ih, kadè peurahna," tjek noe saoerang, „da oraj matih!"

Indoeng Roesdi gegeroan: „Heg sija, modar bangsat hajam tèh!"

„Ari oraj matih kabèh, bapa?" tjèk Roesdi ka bapana.

„Teu matih kabèh, 'Djang," tèmbal Pa Roesdi.

„Di mana matihna, ari oraj?"

„Ari oraj matih mah, kapan dina sikoengna aja peuraheun. Lamoen ngèggèl, tina sikoengna bidjil peurah. Sato ngewa djelema, lamoen dipatjok sok borok. Sakapeung, lamoen koe oraj matih pisan mah, sok harita kènèh djengker.

Noe matak ari kana oraj, oelah sok gagabah, bisi orajna matih."

---

## 23. NGADEGKEUN.

Saréréja meureun inget kènèh imah noe barèto kahoeroean tèja. Parabot imah sèsa seuneu kabèh digoendoekgoendoekkeun. Noe bogana matoeh di barajana. Barangna noe teu kadoeroek, kabèh dibawa ka barajana tèja.

Èta djalma tangtoe hajangeun deui boga imah. Salawasna manèhna koekoempoel pibahaneunana. Poè ijeu njadijakeun tihang, poè sèdjèn bilikna, djeung satoeloejna poloepoetna sarta sadjaba ti èta. Lila² parabotna geus sadija. Sèsa parabot imah noe kahoeroean koe manèhna teu dipakè deui.

Naon sababna? Teu boetoeheun?

Hih, lain teu boetoeh. Noeroetkeun kapertjajaan oerang lemboer, parabot imah oeroet kahoeroean, tara dipakè deui, sabab bisi matak noengtoen deui seuneu.

Dipakè naon atoeh?

Euweuh deui pigawéeunana, ngan koedoe toeloej baé diparabkeun ka seuneu, nja èta dipakè soeloeh.

Samémèh ngadegkeun, Ki Dipa, noe imahna kahoeroean téja, ménta toeloeng ka doeloer-doeloerna, ngalemah noe rèk diadegan téja.

Parabot pimaèeun geus dibéréskeun, diatoer-atoer.

Doewa powé deui ka ngadegkeun, pamadjikan Dipa geus tjatjawis keur soesoegoeh. Deungeun sangoe djeung deungeun ngopi, geus disadijakeun.

Pisoekaneun ngadegkeun, tatangga-tatanggana kabèh koe Dipa dipapaj, diménta toeloeng, sabab rèk ngadegkeun. Bapa Roesdi ogé dihiras.



„Koering ngiloe, nja bapa!" tjeuk Roesdi.

„Ah montong silaing mah, 'Di!" tèmbal bapana, „da moal bisa naon", ngan bisa ngahoerwap baè meureun. Geura pèk nanja ka 'mang Dipa!"

„Koering rèk babantoe, nja mang!"

„Areuh soekoer, 'Djang Roesdi, rèk babantoe mah," tèmbal Dipa.

Djoeng deui Dipa ka tatangga-tatanggana noe sèdjèn, nepi ka kabèh kapapaj.

Dina waktoena ngadegkeun, isoek² kènèh bèdjana Ki Dipa geus asak² keur soegoehna.

Teu lila djol noe rèk bahantoe geus daratang.

Djelema² geus rèwak kana bahan imahna: aja noe nanggoengkeun tihang, noe masangkeun daloeroeng djeung dolos, sawarèh noe nerapkeun pagerna djeung pamikoel. Dok-dak sora paloe djeung bedog.

Tina rèja noe bahantoe djeung garetol digarawèna, teu lila imahna geus ngadeg. Paloepoehna geus diamparkeun, ngan kari bilik djeung hateup noe tatjan tèh.

Kira poekoel sapoeloeh soeoegoehna geus diakoetan ka rangkaj. Roesdi noe djadi mandorna soesoegoeh.

Sanggeus dalahar, prak deui sagawè-gawèna, nepi ka èta imah tèh ngadeg bener. Hateup djeung bilikna geus diterapkeun.

Wantji asar imahna geus rèk anggeus, djelema² waktoena baralik. Tinggal Dipa djeung pamadjikanana, ngetrèk doewaan di imah rangkaj, toerap-terap noe garumpangna.

## 24. DJOERIG.

Sabada isa 'Pa Roesdi djeung anakna ngarioeng di tengah imah, ngadagoan ema Roesdi keur moeloej sampeu. Teu lila djol emana datang, mawa sampeu beunang moeloej djeung goela.

„Aèh, aèh! na mana tjaina, emana?" tjeuk bapa, „mowal enja aja sampeu, goela, teu make tjihaneut."

„Oerang nahaoer baè tjaina mah dina gopikan, da mowal lila ogè asak." Gopikanana djeung tèko geus dipangkoe koe Misnem.

„Ah, geuning tèkona euweuh tjaian, ema!" tjèk Misnem.

„Keun, oeing rèk ngala tjaina mah ti soemoer, da tjaang boelan," omong Roesdi.

Djoel Roesdi loempat ti imah bari ngadjingdjing tèko ka soemoer. Gerèt Roesdi nimba. Keur nimba, di gigireunana, di noe rada poèk, aja noe disada: „hèèèèèng-hèèèèèng-hèèèèèng" djeung karasak-korosok. Barang ditjeuk, bet aja noe ngolotot, njampeurkeun ka Roesdi. Roesdi teu tata pasini, berebet loempat, bari gegeroan: „Toeloeng! toeloeng! toeloeng!"

Datang ka tengah imah, gabroeg labooeh, tèkona tipetjat kenna kana lampoe gopikan, nepi ka peupeus. Si Roesdi ngarahoeh bawaning tjapèeun. Indoeng bapana katjida reuwaseunana nendjo si Roesdi geus empas-empès baè, teu beunang ditanja. Si Misnem geus ngadègdèg baè toeadjangeun lantjeukna.

Geus rada lila, njah si Roesdi beunta bari noendjoek.

„Aja naon, 'Di?" tjeuk bapana.

„Hadoeh! hadoeh! hadoeh! mèh baè, bapa!"

„Mèh baè koe naon?" tjeuk bapana.

„Hadoeh! dieudag djoerig, tadi deukeut soemoer. Aa-

tona molotot, sorana heng-hengan. Geuwat bapa peundeutkeun pantona, hiji ngoedag ka dijeu. Toeh geuning, ka dijeu! geuwat peundeutkeun pantona."

„Ah, sija mah, mowal enja aja djoerig ngoedag," tèmbal bapana.

„Enja bapa! mowal enja koering bohong, da koering mah sara bohong kakapoengan!" tèmbal Roesdi.



„Tjik hajoe oerang tèjang djeung bapa; toedoehkeun enggonna, oerang paèhan djoerigna."

Roesdi djeung bapana, malah Misnem ogè miloe ka tepas hareup, noedoehkeun enggonna djoerig tèja.

Noedoehkeunana, Roesdi mah bari ngadègdèg baè djeung loewek-lijeuk ka toekang, sijeuneun djoerigna noetoerkeun pandeuri.

„Toeh geuning, bapa, deukeut soeneer matana molotot kènèh, tah sorana heng-hengan."

Sanggeus bapana nèndjo noe ditoedoehkeun tèja, harak-

atak baè seuseurian, bari ngomong: „Euleuh-euleuh, si Gembroe, tajoh tening ke gemboeena sija! Sija tèh sijeun koe itoe, noe molotot? Tjik awaskeun koe sija! Apan itoe tèh mata si Pintjang! Tah sorana ogè geuning sora si Pintjang, keur ngahereangan batoerna."

„Naha atoeh si Pintjang bet djadi djoerig tadi mah," tjeuk Roesdi. „Enja baè geuning; ajeuna mah koering ogè teu sijeun."

„Tah deuleu, 'Di! noe matak ari djelema oelah sok borangan teuing, sagala koedoe dipikir heula, bisi kawas sija, matak tjilaka. Djaba laboeh tèh tèko pedjèh, lampoe peupeus, koemaha dèa?"

Geus kitoe, pèk darijnek deui di tengah imah, noe-loejkeun ngaroepi bari seuseurian, njeungseurikeun hoe-lak gembroe borangan.

---

## 25. DISETRAP.

Peuting tadi, basa Roesdi dioedag djoerig tèja, nepi ka peuting pisan ager-ageran seuseurian, njeungseu-rikeun hoelak gembroe sijeuneun koe si Pintjang.

Kira² poekoel sawelas peuting kakara daeg mondok talibra pisan. Isoek² poekoel genep, si Roesdi morongkol kènèh disimboet.

Satengah toedjoeh Roesdi kakara koelisik-koelisik, noe roeatkeun simboetna bari koekoediajatan. Ari djoet ti imah, loedjoeng ka tjai. Tas mandi, sap dangdan tjara bijasa sasari.

Sanggeus dangdan, bres ka pawon, rèk dadaharan.

Di pawon geus nembrak sangoe ngetjeting djeung sambel ontjom satjowèt. Nadjan Roesdi njatoean geus beurang ogè, madèna ngahenggoj kènèh baè tjeuleuhoekan, njetjeian sambel ontjom.

„Saha noe karetak-koeroetoek kènèh di dapoer?" tjeuk bapana. Barang ditempo, bet geuning si Roesdi tjatjameuilan kènèh, ngagoegoeloeng tjetjeling sangoe.

„Roesdi! naha silaing ngeusian kènèh baè beuteung, kapan ijeu tèh geus beurang; naha! moal ka sakola?"

„Lah! poegoeh kabeurangan, bapa!" tèmbal Roesdi.



„Ari eta saarap heula sok njeri beuteung di sakola. Keun baè, da isoek kènèh, bapa!"

„Wah, isoek kènèh koemaha?" tjeuk bapana. „Kapan itoe panon poè geus loehoer pisan."

„Ah! meureun baè koe bapa panon poèna dikaloehoer-keun, da ari saenjana mah isoek kènèh; kapan koering mah nenggal poè ogè tara kabeurangan."

Bari ngomong kitoe djoet Roesdi toeroen ti imahna, ngèlèk boekoe djeung ngadjingdjing sabak.

Di djalanna hentoe bisa gantjang, da beuteungna pinoeh teuing.

Barang datang ka hoeroean sakola, manèhna teu njampak batoer saoerang-oerang atjan. Pangirana Roesdi masih isoek kènèh, gèk dijoek handapeun tangkal, hareupeun sakola.

Kabeneran Goeroena ka loewar, ari bèh, bet aja Roesdi dijoek di sisi djalan, toeloej koe Goeroena disaoer: „Roesdi! Roesdi! ka dijeu! Naha silaing bet tjitjing baè di dinja, ngadagoan naon heula?"

Roesdi njampeurkeun ka Goeroena bari koeloemoes-kèlèmès, barang nempo, bet batoer-batoerna kabèh geus dialadjar.

„Naha silaing kabeurangan?" saoer Goeroena.

„Margi bareng teda heula, ncoe!" tèmbal Roesdi.

„Moeal enja aja barang hakan sapoë!" saoer Goeroena.

Roesdi teu pati pandjang tjarita, da isineun koe Goe-roena djeung èra koe batoer-batoerna, gèk baè dijoek dina bangkoe bari toengkoel, teu lèmèk teu njarèk.

Dina waktoe sroedin, Roesdi dikeresa di sakola, teu diwenang ka loewar. Dina waktoe balik manèhna dipan-dengkeun serta dibèrè pagawèan sarempan, toeliseun di imahna.

Roesdi halikna gagantjangan, da euweuh batoerna djeung sijeuneun ditjarèkan koe kolot-kolotna oengkoh.

———

## 26. BOTJOR.

Dina oesoem hoedjan, sarèrèja ogè tangtoe resep tjari-tjing di imah baè. Roesdi djeung Misnem ogè aja tjara kitoe baè karesepna.

Hidji poèngsa, waktoe hoedjan gedè, Roesdi djeung Misnem nanggog dihareupeun pipir hawoe.

„Hadèna baè na geus datang ti sakola, nja Misnem? Tjoba lamoen hoedjaneun di djalan kènèh mah, meureun rantjoetjoet."

„Enja!" tèmbal Misnem. „Koering ogè tas ti kebon djeung ema. Lamoen hoedjanna ti tadi mah, meureun koering ogè djeung ema ngeredjoehan kènèh baè di saoeng. Ari hadèna mah oelah sok hoedjan, nja 'Di?" tjèk Misnem.



„Hih! atoeh teu hoedjan mah, mowal djadi pepelakan oerang. Lamoen teu djadi, ti mana sija meunang kahakanan."

„Euh kitoe, 'Di!" tjèk Misnem. „Heug atoeh sing gedè baè hoedjana, ambèh rèja kahakanan."

Nepi ka hoeril pisan èta doewa boedak tèh galoentreng deukeut hawoe bari salidoeroe, malah dadaharanana ogè di hareupeun hawoe baè.

Sanggeus sareupna, boes adi lantjeuk ka arimah, diba-

raroedoem, habah-hoehoeb, ngoroktok godona bawaning koe tiririseun. Indoeng bapana ogè dibaroeedoem di tengah imah.

Mèmèh isa, Roesdi djeung Misnem geus ngajaringkoek di enggon.

Beuki lila, hoedjanna beuki gedé.

Tengah peuting, wantoe di saimah èta raliboe salasoerèan, ngadak-ngadak per baè lebah enggon pisan botjor, tjaina kawas pantjoeran baè, njoeroeloek ti loehoer.

Roesdi, Misnem djeung kolot-kolotna katjida karagetnana. Korèdjat sarèrèja harudang. Barang bèh, enggon djeung tengah imah geus beseuh kabèh. Kawas dikandjoeran baè. Roesdi kolosampetan di tengah imah bari boeboedoegoelan, da simboetna baseuh kabèh.

Pa Roesdi harita kènèh kalatjat naèk ka para menermenerkeun hateup lebah botjorna. Hadèna botjorna ngan dina satempat. Teu lila dioemènanana, geus anggeus. Tjihoedjanna teu ngèrèlèk deui ka djero imah.

Indoeng Roesdi dibantoean koe anak-anakna ngaièlèd-lèdkeun noe baraseuh di enggon djeung di tengah imah.

Saradjongdjongan oeroesèanana darijoek heula, bari tingtaranggah ka para, bisi aja deui noe botjor. Hoedjanna beuki gedé, malah djeung ditambahan dordar gelap ajeuna mah.

„Hajoe ngarang barèès deui, Misnem," tjeuk Roesdi, „sieun gelap. Keun baè, da moal botjor deui ajeuna mah. Bapa djeung ema sina taroenggoe, bisi aja deui hoedjan noe mèloe ngèjoehan."

Koe sabab peuting kènèh, kolot-kolot Roesdi ogè toeroej maroendok deui. Djep di imah èta djempè tjara tadi, ngan kari segor-segor sora kèrèk si Roesdi baè.

— — —